

BAB V KACINDEKAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Transformasi *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* ka naskah carita Teater Gaok, kapanggih ayana transformasi ti mimiti téma, penokohan, galur, jeung latar. Nu kahiji transformasi téma. Parobahan aya dina téma naskah carita Teater Gaok, dina wawacan kagambar téma anu hayang ditepikeun nya éta ngeunaan Simbar Kancana anu néangan bebeneran kana pasualan saha anu nelasan Raja Talaga Manggung. Sedengkeun dina téma anu aya dina naskah carita Teater Gaok aya dua téma anu kagambar.

Transformasi kadua aya dina penokohan. Dina wawacan tokoh dibagi tilu kitu ogé dina naskah carita téater. Parobahan tokoh dina naskah carita teater dilantarankeun durasi dina naskah carita leuwih heureut tibatan dina wawacan. Dina naskah carita téater tokoh anu muncul ngan saukur palaku utama jeung kadua anu dianggap méré pangaruh kana jalan carita, sedengkeun tokoh tambahan dianggap teu méré pangaruh kana jalan carita dina naskah carita teater teu dimunculkeun.

Transformasi katilu nya éta aya dina galur carita. Dina wawacan galur carita langsung teu dibagi-bagi saperti dina naskah carita teater. Sacara gembleg galur dina wawacan nya éta galur mérélé atawa maju, jalan caritana langsung ti mimiti nyaritakeun ayana saembara pikeun meunangkeun anak Raja Talaga Manggung nepi ka Simbar Kancana nikah jeung Kusumalaya. Sedengkeun dina naskah carita Teater Gaok galur carita sarua mérélé ngan dibagi-bagi jadi lima plot.

Anu pamungkas nya éta transformasi latar. Boh dina wawacan boh dina naskah carita Teater Gaok latar dibagi jadi dua nya éta latar tempat jeung latar waktu. Dina wawacan latar tempat leuwih loba tibatan dina naskah carita teater, kitu ogé latar waktu.

5.2 Implikasi

Wawacan di masarakat Sunda geus lila hirup salaku karya sastra jeung budaya. Kiwari wawacan nyicingan fungsi budaya jeung seni, ku ayana hal éta wawacan mimiti teu dipikaresep ku masarakat. ayana transformasi wawacan ka naskah carita teater Gaok ieu dipiharep jadi salasihiji media pikeun nepikeun ma'na anu nyangkaruk dina carita *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja*, lantaran teater bakal leuwih gampang ditarima ku masarakat ti batan wawacan.

Salian ti éta, ieu transformasi bisa jadi media pikeun ngamumulé sajarah jeung budaya lokal sorangan, lantaran *Wawacan Simbar Kancana* ieu patali jeung carita babad Karajaan Talaga di Kabupatén Majalengka. Ku kituna, masarakat bakal leuwih apal kana sajarah lokal sarta bisa ngamumuléna salaku warisan budaya.

5.3 Rekomendasi

Ieu hasil panalungtikan dirékomendasikeun pikeun pamaréntah Kabupatén Majalengka sangkan leuwih ngamumulé sastra, seni, jeung budaya anu aya di Majalengka, hususna pikeun masarakat Kabupatén Majalengka sangkan apal kana kabeungharan sastra, budaya, jeung seni di wewengkonna sorangan. Salian ti éta, ieu transformasi dipiharep bisa ngaronjatkeun minat seniman sarta satrawan pikeun ngamumulé jeung mintonkeun carita teater anu asalna tina wawacan.